# SAǴÍNBAY IBRAGIMOV LIRIKASÍNDA ÚSH QATARLÍ QOSÍQLARDÍŃ MAZMUN HÁM FORMA TUTASLÍǴÍ TUWRALÍ

**Hámidullaeva Perizat Abdıkamal qızı**

*Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti, Nókis*

Hár qanday ádebiyat sırtqı tásirler menen bayıp, rawajlanıp baradi. Ádebiy baylanıs, dekadalar, ádebiy ushırasıw hám kesheler bul ádebiyattanıwǵa jańa janr hám formaladıń kiriwine sonıń menen birge dóretpelerdiń mazmunlıq tárepten bayıwına sebepshi boladı.

Keyingi dáwirlerde qaraqalpaq ádebiyati da, jańa formalar menen bayıp barmaqta. Bir ǵana lirika salasına názer taslasaq, songı jilları kishi formalarǵa jiyi kózimiz túspekte. Bunda bir qatarlı, eki qatarlı hám úsh qatarlı qosıqlar ádewir kóbeydi. Sonıń ishinde úshliklerdi alıp qarayıq, bul forma lirikanıń kishi formalarına kiredi.” Bul forma italyan ádebiyatında “tercina”, koreec ádebiyatinda “cidjo”, yapon ádebiyatinda “hokku” de atalıp sol xalıqlarda qosıqtıń tiykarǵı formalarınan biri esaplanadı” [Orazımbetov Q., 2020. – 99].

Túrkiy xalıqlar ádebiyatında bul qosıq túri “musallas” dep atalıp, (arabsha sóz, mánisi úshlik, úshleme). Bul janr ózbek ádebiyatında júda az gezlesedi. “Bul formanıń kem ushırawına sebep 1, 2 qatardan keyin 3-qatardıń uyqas tárepten taq bolıwıdur(aab). Bul jaǵday qosıqta pikirdiń kısqalıǵına sebep boladı dep aytıw orınsız [Orzibekov R., 1974. – 52].

Qaraqalpaq ádebiyatinda úshlikler menen úsh qatarlı qosıqlar túsinigi arasında shataslı túsinikler bar. Úshlikler shayır aytajaq bolǵan oy-pikir, ideyasın usı úsh qatarǵa siydira alıw kerek. Al, úsh qatarlı qosıqlar bolsa hár bir bánti úsh qatardan ibarat bolǵan qosıq túrine aytamız.

Bul formada qaraqalpaq poeziyasinda shayırlar J.Izbasqanov, K.Karimov, S.Ibragimov, B.Genjemuratov, Sh.Ayapov, hám M.Berdievlerdiń dóretpelerinde kórinbekte. Úsh qatarlı qosıqlar hám úshlikler búgin payda bolıp qalǵan joq, ol biziń erte dáwir ádebiyatımızda yagnıy folklorımızda da gezlesedi.

Jılaǵan degen dad eken,
Dad ta bolsa qayteyin,
Kem kewlindi xosh etken.

-Olim qayda barasan
-Bardıń dunyasın shashaman
-Joqtıń  abırayın ashaman.

Men apamnin  tungıshıman
Qazan qirgish qirǵishiman

Jawma kúnım, jawma [Qaraqalpaq folklorı, 2015].

Bul úshlikllerde lirikalıq qaharman basınan ótkergen qiyinshiliqların, ómir tuwralı filosofiyalıq  oylar juwmaqların hám de biziń ata-babalarımızdıń ótken ómirin, shuǵıllanǵan kásiplerin, olardıń jasaw jaǵdayların kóz aldımızǵa usı qısqa ǵana úsh qatar arqalı jetkerip bergen.

Bul formada qálem terbetip atırǵan sońǵı jıllardaǵı talantlı shayır Sagınbay Ibragımovtı misal etsek boladı. Sagınbay Ibragımov túrli qosıq formaları hám tereń keń túsiniktegi qosıqları menen qaraqalpaq ádebiyatın ádewir bayıtıp barmaqta. Onıń úsh qatarlı qosıqların kórip shıqsaq:

Taza kewillerdi súyedi Tańirim
Basqa onıń jerdiń betine
Jollar imkanı joq haqıyqatlıqtıń [Ibragimov S., 2016. – 56].

Ádebiyattanıwda forma hám mazmun degen túsinik bar, bul shayırlar ásirese qosıqlarında erkinlikti hesh qanday qagıyda shegaranı qálemewshi shayırlarǵa qiyin is sebebi aytajaq bolǵan keń túsinigin, pikirin qosıq formasına jayǵastırıwı tiyis.

“Mazmun ham forma birligi obraz sheńberinde olardıń óz-ara baylanıslıǵı kórkem ónerdiń  baslı, tiykarǵı nızamıdur. Bunı eń ullı kórkem óner wákilleri ásrler dawamında qayta-qayta takirarlap keledi” [Xudoyberdiyev E., 2007. – 32].

Shayır átiraptaǵı, jámiyettegi waqiyalarǵa biyparq emes. Qiyinshiliqqa túsken adam menen qosa qıynaladı, adalatsızlıqa shıday almaydı, jámiyette keleshek tágdirine biyparq adamlardı jek kóredi, olar menen bolǵısı kelmeydi. Óziniń bólek shayır aytqanınday “besinshi máwsim”ine ketkisi keledi. Ol taza pák kewilli insanlardı jaqsı kóredi bul xarakteri onıń joqarıdaǵı qosıq qatarlarında kóringen.

Ómirde insan bir qálipte jasamaydı, tágdirdiń oǵan tayarlap qoyǵan  qaranǵı, jaqtılı kúnleri bar. Shayır bul haqqında:

Bul dunyanıń naǵmetlerine,
Kewilińdi dıywana etip júrgende
Átirapińdi túnek qapladı [Ibragimov S., 2016. – 56].

Tábiyttiń zańlıǵı jazdı quwıp salqın gúz onnan soń bolsa izgiriq qaharman qis keliwi insan ómirinde de ushrasadı. Bul túsiniklerdi yagnıy “ dunyanıń  naǵmetleri” ham “túnek” túsiniklerin antitezaliq usıldan paydalanıp  jarıtıp bergen.

Al, bunnan soń adamǵa sol túnekte adasıwlar, qiyinshiliqlar keledi. Tar jolda adam ilájsizliqqa túsip qalıwı tábiyiy:

Sen endi ayıra almaysan
Qolında zerme, mispa
Jolıńda ne barın [Ibragimov S., 2016. – 56].

Usınday pursatta adam núsretke mútaj boladı lekin hámme zatınan ayrılǵan adamǵa jardem az keledi:

Adamlardıń iqlas –iqtiqati bar

Ókinbe pánt jeseń,satsa aldansań
Hújdan degen nárse ózińe kerek [Ibragimov S., 2016. – 56].

Shayırdıń bul dóretpesi arqalı jeke xarakteri ashılǵan yagnıy shayır "hújdan" degen túsinikti ápiwayı qabıllanaydı, onı taza, pák halında asıraw kerek, basına múshkil is tússede, aldansańda, seni satsada onı asıray bil degen tereń psixologiyalıq máni beredi.

Qosıq juwmaginda báribir tańirdiń ádilligi ústem shigip, jaqsılıq jeńedi. Ol jamanlıq jaqsılıq aldında dize búgiwin aytadı:

Tańrınıń bir ádilligi-
Jamanlıqtan tiqsinbegen bendesin
Jaqsılıq aldında dize shóktiredi [Ibragimov S., 2016. – 56].

Iymanniń bir belgisi jaqsılıq etiw. Eger insanıń aldında bir jawızlıq bolıp atırsa, onı qolı menen qaytarıwı ol imkansiz bolsa tili menen qaytariwi olda ilajsiz bolsa júrek penen jek kóriwi, tiksiniwi tiyis eger bulda qolınnan kelmese onda sende iymannıń dárejesi kúta az degen túsinik bar. Joqarıdaǵı qatarda jamanlıqtan tiksinbegen bende usı iymanı ázzi bendeler qatarına kiriw itimalı kúshli.

Shayır tábiyattan elinddegi adalatsız waqıyalaǵa ashınıp otıradı. Óz eline degen súyispenshiligi joqarı shayır. Onıń bul táriypin tómendegi qosıqlar arqalı ashıp bersek boladı:

Men bul eldiń arasına
kózboyawshı bolip kelmegen edim-
maǵan bashartpaǵan ámel sol boldı [Ibragimov S., 2016. – 56].

Shayır ayrım insanlar uqsap jaǵımpazlıq qilip shindi jalǵanǵa búrkep "shıraylı" qosıqlar jazbaydı.

Ǵapıl bendelerge gárip kúlbesin
Altın saray etip kórgize almadım
Olar buǵan júda intizar edi [Ibragimov S., 2016. – 56].

Bul qatarlarda ǵárip kúlbe hám altın saray terminlerin antitezalıq usıl menen óziniń xarakterindegi jaqsı illetlerdi ashıp bergen. Yaǵnıy bul tereń psixologiyalıq oy pikirlerden quralǵan túsinik anıǵraq qılıp aytqanda, uyqıda ǵárip kúlbede jatırǵan bendelerge yagnıy xalıqqa jalǵannan kúlbesin altın saray qılıp kórsete almadım, jaǵımpazlıq etip qosıq jaza almadım degen pikirdi bermekshi bolǵan. Biraq, ǵapıl bendeler sol jaǵımpazlıqqa qushtar boladı. Shayır bul úsh qatar arqalı usı formaǵa óz aytajaq bolǵan pikirin sıydıra alǵan. Shayır usı kishi forma arqalı jámiyetimizdegi úlken mashqalanı kóterdi yaǵnıy biyparwa, jalǵandı jaqsı kóretuǵın, arzıwlar áleminde jasap atırǵan insanlardıń kelbetin ashıp beredi. Jáne onıń usı túsiniklerge say tómendegi qatarların kóremiz:

Olar ketken shálken-sholıs jollardıń,
Shıraq jaǵalmadım eki boyına-

Íǵbal jolı bolıp kóriniw ushın [Ibragimov S., 2016. – 56].

Shayır aldıńǵı qosıqlarında da "jol" "jollar" terminin jiyi qollanadı. Bul ádebiyattanıwda parallelizm delinedi. Bul termin shayır dóretpelerinde ómir jolı, iǵbal jolı, baxıt jolı degen tusiniklerdi beredi.

Juwmaqlap aytqanda, S.Ibragimov dóretiwshiliginde hám formalıq hám mazmunlıq jaqtan ózgeshelikti bayqaymız.Qosıqlarında dasturiy qosıq úlgısınen erkin forma erkin mazmunǵa jaqınlıǵı bul shayırdıń jańa formalardı izertlep sol formada qálem terbetiwshi izleniwsheń shayır desek boladı.

## ÁDEBIYATLAR:


1. Orazımbetov Q., Qosıq teorıyası. – Nókis: Qaraqalpaqstan, 2022.
2. Orzibekov R. Lirikada kichik janrlar. – T., 1976. 12-b.
3. Қарракалпақ фолклоры. Көптомлық. 88-100 Томлар. – Нөкис: Билым, 2015.
4. Ибрагимов С. Таңламалы қосықлар. – Нөкис: Билим, 2016. 56-б.
5. Xudoyberdiyev E. Adabiyotshunoslikka kirish. – Toshkent: IQTISOD-MOLIYA, 2007.